# 17 आउ किछु बनाबी

## अभिनय 3 दृश्य5—एकटा दृश्य बनाउ

0337CH17

### गतिविधि 10 भूमिका निर्वहन

आह! अन्तमे बाजक हेतु भेटल! तँ आब देह-भाषाक आओर, अभिव्यक्ति, भाव आ मञ्च-सामग्री (प्रॉप) केर उपयोगक सङ्ग हमरा सभक हाथ एकटा आओर जादू लागि गेल अछि - 'भाषा'। ई की बुझाइए सभ किछु आसान होब' जा रहल छै? एहन लागि रहल अछि, मुदा एहन नहि अछि। आउ आगाँ बढ़ू आ एकटा दृश्य बनाउ!



**रचनात्मकता, कल्पना आ सञ्चारक अवधारणा जे रङ्गमञ्चकेँ मूलभूत अछि, ओकर बुनियादी समझकेँ सङ्ग हमसब अभिनय शुरू करय लेल तैयार छी!**



**निर्देश -** अहाँ दू गोटा केर समूहमे काज करब। शिक्षक अहाँमे सँ प्रत्येककेँ पात्र आ एकटा स्थिति देताह। ओकरा आधार पर अहाँ आ अहाँक मित्रक बीच गप्प-सप्प होएत। अहाँ मञ्च-सामग्री (प्रॉप) केर उपयोग (वास्तविक वा कल्पित) कऽ सकैत छी। ताबति धरि गप्प करैत रहू जाधरि शिक्षक अहाँकेँ रुकबाक लेल नहि कहथि। सरल लागि रहल अछि?

**साधारण**

चोर आ सिपाही, रोगी आ चिकित्सक, माए केँ झिल्ली किनबाक हेतु पाइ देबाक लेल मनाएब, अपन मित्रकेँ आश्चर्यचकित करबाक हेतु ओकर जन्मदिन हेतु योजना बनाएब।

**विशिष्ट**

रचनात्मकताक आधारभूत अवधारणाक सङ्ग, कल्पना-शक्ति आ सञ्चरण रङ्गमञ्चक मूल तत्व अछि। हमसभ आब अभिनय हेतु तैयार छी!



**अहाँ सीखब**

अवधारणा आधारित परिस्थिति: मदति, सहयोग, सत्यता, ईमानदारी, सम्मान। समन्वय, प्रॉप केर उपयोग, आत्मविश्वास, दृश्यगत परिस्थितिक निर्माण, समूह मे काज कएनाइ ।

© NCERT not to be republished

## विमर्श आ प्रतिक्रिया

- अहाँकेँ अपना सँ भिन्न चरित्रक अभिनय कएनाइ नीक लागल?
- कोन परिस्थिति मे अभिनय करब कठिन छल आ किएक?
- ई की बाजि कऽ सरल छल वा बिनु बजनहि?
- अपना विषय मे नब बात की सीखलहुँ?

## वृत्तकालक टिप्पणी






भाषा एहन चमत्कारी उपकरण एकरा सरल बना देलक? आ आगा की कहबाक अछि एहि पर ध्यान केन्द्रित करए मे देह-भाषाकेँ बिसरि गेलियै? अपन देह-भाषाक सङ्ग भाव-भङ्गिमा आ भाषाक समन्वय अभिनय कर'क सभसँ नीक तरीका अछि। बेसी भऽ गेलै की..? चिन्ता जुनि करू, अभ्याससँ सभ सहज भऽ जाएत। निरन्तर अभ्यास हेतु: जखनो कखन अहाँ घर वा विद्यालयमे अथवा मित्रसभक सङ्ग बात करैत छी तँ अहाँ अपन देह-भाषा आ भाव पर ध्यान दियौ। दोसरक गतिविधि सेहो देखैत रहियौ।



## दृश्य 6—अभिनय मे कथा।

पहिने, दृश्यमे मात्र दू गोट अभिनेता रहथि। आब हम ओहिमे आओर लोक जोड़ल! यद्यपि अहाँ जे कऽ रहल छी से अहाँक देह-भाषा, अभिव्यक्ति, आ ध्वनि त ओहिना अछि, मुदा प्रक्रिया पूर्णतः भिन्न भऽ गेल। की समूहमे काज कएने दृश्य नीक बनैत अछि आ की आओर समस्या कारक भऽ जाइछ? कथमपि नहि! जतेक बेसी लोक ओतेक बढ़िआँ!



## गतिविधि 11 समूहिक अभिनय

वर्ग कैं 5 वा 6 विद्यार्थीक समूहमे बाँटल गेल। सभ समूहकैं एकटा सरल कथा देल गेल। बच्चा सभ तैयारी करैत अछि, अभ्यास आ प्रदर्शन करैत अछि।



**साधारण**

अन्यान्य पाठ्यपुस्तक सभमे सँ कतेको बुझल-जानल कथा लेल जा सकैत अछि। जेना की भाषाक पोथी, इतिहासक पोथी आदि।

**विशिष्ट**

विषय-वस्तु तऽ विभिन्न पौराणिक आ प्रचलित साहित्य यथा गोनूझा, पञ्चतन्त्र वा अन्यसँ लेल जा सकैत अछि। जेना कि — एकलव्य, बुधियार कौआ, बिलारिक निर्णय, अर्जुनक आ चिड़ै केर आँखि, श्रवण कुमारक पितृ-भक्ति वा गणेशजीक शिव-पार्वतीक प्रति आस्था।

© NCERT not to be republished

## विमर्श आ प्रतिक्रिया

- गतिविधिक कोन भागकेँ अहाँ सभसँ बेसी आनन्द लेलहुँ? आ किए?
- अपन पौराणिक आ लोक परम्पराक कतेक कथा-कहिनी अहाँ पहिनेसँ जनैत छी?
- आन कोन खिस्सा-पिहानी अछि जाहि पर अहाँ अभिनय करए चाहति छी?
- अपना सम्बन्ध मे अहाँ नब की सिखलहुँ?

## वृत्तकाल टिप्पणी

______________________

______________________

______________________






एकटा समूह मे काज करब आ एकसर काज करब अहाँक सोच आ प्रक्रियाक दृष्टिसँ बहुत भिन्न नहि अछि? जखन अहाँ कोनो समूहमे काज करैत छी तँ बहुतेक कौशल सभ सिखैत छी। अहाँ सुनिश्चित करू जे प्रदर्शनमे सभकेँ समान अवसर भेटए। सभक विचार आ सुझाओ पर ध्यान दैत आओर एहि सभकेँ ध्यानमे राखि अहाँ कोना कऽ निर्णय लेबामे सक्षम भऽ पबैत छी जे सभक सङ्ग अहाँ प्रदर्शन करैत छी। एकरे अपना सभ समूह मे काज कएनाइ (टीम-वर्क) कहैत छियैक।

आगाँ बहुत रास गतिविधि अहाँ समूह सभमे करब, किएकी रङ्गमञ्च तँ समूहे मे काज करएबला होइत अछि। हमरा लग अहाँक लेल एकटा साधारण सुझाव अछि, जेँ अहाँक समूह केँ बहुत बेसी कुशल बनाओत। दोसरा केँ दोष देब' आ अवगुण ताकक स्थान पर सदति ई सोचू जे अहाँ समूह केँ की योगदान दऽ रहल छी। जँ समूहक सभ गोटे एकर अनुसरण करए लागब तँ अहाँसभक समूह सर्वश्रेष्ट भऽ जाएत।

© NCERT not to be republished